

# Fè Pitit Ou Pran Vaksen Jodi a! Vaksen kont COVID-19 yo disponib pou timoun ki gen laj 5 rive 17 ane.

Pou jwenn yon kote ki fè vaksinasyon, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder) oswa rele 877-829-4692. Ou kapab pale avèk pwofesyonèl medikal pitit ou a tou pou konnen si li ofri vaksen an. Si ou genyen kesyon, rele 212-268-4319.

- **Vaksen yo san danje, yo efikas epi yo gratis!** Ou pa bezwen genyen asirans sante ni w pa bezwen di si w gen papyè imigrasyon pou ou pran vaksen an. Vaksinasyon se pi bon mwayen pou pwoteje tèt you, fanmi ou ak kominote ou kont COVID-19. Gen plis pase 27 milyon timoun nan Etazini ki pran vaksen an, pami yo plis pase detyè timoun yo nan NYC.
- **Timoun yo kapab trape COVID-19 menm jan ak granmoun.** Gen plis pase 12 milyon timoun nan Etazini ki trape COVID-19.
- **Timoun kapab vin trè malad ak COVID-19.** Nan Etazini, gen plis pase 100,000 timoun ki entène lopital, ak plis pase 1,000 ki mouri.
- **Timoun yo kapab gen COVID long ak lòt konplikasyon.**
- **Timoun yo kapab bay lòt moun COVID-19,** menm si yo pa genyen sentòm yo.

## 1. Konbyen dòz timoun yo bezwen?

Vaksen an egziye de dòz prensipal. Yo rekòmande dòz rapèl tou pou sèten timoun.

## 2. Kijan nou fè konnen vaksen an san danje e li mache pou timoun yo?

Yo te etidye vaksen an kay plizyè milye timoun epi yo te montre li san danje epi li bay rezilta. Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an, lòt òganizasyon, ak ekspè endepandan te kontwòle pwosesis la de prè. Yo bay plizyè milyon timoun nan Etazini vaksen an e etid yo montre vaksen yo anpeche plizyè milye ospitalizasyon ak lanmò.


## 3. Kisa efè segondè yo ye? Èske I ap fè mal?

Timoun yo gen menm efè segondè ak granmoun yo. Yo gendwa santi yon ti doulè pandan yo ap pran vaksen an, menm jan ak nenpòt ki lòt piki. Apre sa, yo gendwa gen doulè nan bra kote yo te pran piki an, epi yo gendwa santi fatig oswa demanjezon, yo gendwa genyen maltèt oswa lafyèv. Siy sa yo vle di kò a ap devlope pwoteksyon. Efè segondè yo dire an jeneral youn rive de (2) jou.

Gen yon risk tou piti anflamasyon kè a (myokadit) ak tisi ki antoure li yo (perikadit). Pifò moun refè rapidman avèk medikaman ak repo. Efè segondè grav yo ra, epi risk COVID-19 pote yo pi gwo anpil.

**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

**NYC**



#### **4. Èske vaksen an kapab gen konsekans sou peryòd pitit mwen an oswa sou chans li pou li fè tibebe pi devan (fètilite)?**

Peryòd yo ka chanje poutèt anpil faktè, tankou estrès, ak chanjman nan somèy, rejim ak estil vi. Yon etid resan te revele gen moun ki gen ti chanjman nan peryòd yo apre vaksinasyon an (youn oswa de (2) peryòd). Chanjman ki pa dire nan peryòd yo pa lakòz pwoblèm fètilite.

Deklarasyon ki fè rapò ant COVID-19 ak pwoblèm fètilite yo pa gen okenn prèv syantifik ki kore yo. Etid yo montre moun ki te pran vaksen kont COVID-19 yo te kapab fè pitit menm jan ak moun ki pa t pran vaksen an. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) ak lòt ekspè di li san danje pou moun ki gendwa vle genyen pitit alavni pran vaksen an.

#### **5. Fanmi mwen pa gen doktè. Kiyès pou mwen rele si mwen gen kesyon?**

Pou plis enfòmasyon sou vaksen yo, vizite [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine) ak [cdc.gov/covidvaccine](https://cdc.gov/covidvaccine). Ou kapab rele **311** oswa 212-268-4319 si ou genyen kesyon oswa pou èd pou ou jwenn yon doktè NYC Health + Hospitals. Yo bay swen kèlkeswa sitiyoasyon asirans oswa kapasite pou peye.

#### **6. Èske timoun bezwen pèmisyon pou yo vaksinen? Èske yo bezwen pyès idantite oswa lòt dokiman?**

Wi. Yon paran oswa gadyen dwe bay konsantman an pèsonn, pa telefòn, oswa pa ekri. Verifye avèk kote k ap bay vaksen an ki egzijans yo genyen. Timoun ki gen laj 15 an pou piplis dwe gen yon paran oswa gadyen oswa lòt granmoun paran oswa gadyen an chwazi ansanm avèk yo.

Pote prèv laj, tankou kat idantite oswa batistè si ou genyen youn. Sinon, ou kapab ateste laj pitit ou a.

#### **7. Pitit mwen an gen yon pwoblèm sante. Èske li dwe pran vaksen an kanmenm?**

Wi. An verite, li pi enpòtan toujou pou timoun ki soufri opresyon, dyabèt, twòp gwosè, ak lòt pwoblèm sante pou yo pran vaksen an, poutèt pwoblèm sante sa yo kapab ogmante risk yo pou yo vin malad anpil anba COVID-19. Sèl rezon ki gen dwa fè youn moun pa kapab pran vaksen an se si li fè alèji ak yon engredyan ki nan vaksen an.

#### **8. Èske timoun kapab pran COVID-19 nan vaksen an?**

Non. Vaksen kont COVID-19 la pa genyen viris ki lakòz COVID-19 la.

#### **9. Pitit mwen an te genyen COVID-19. Èske li dwe pran vaksen an kanmenm?**

Wi. Vaksinasyon bay prèv li pote pwoteksyon anplis, li redui risk trape COVID-19 ankò ak vin malad anpil si ou trape li.

#### **10. Èske pitit mwen an ka pran vaksen kont COVID-19 la nan menm moman ak lòt vaksen?**

Wi. Timoun ka pran yon vaksen kont COVID-19 nan menm moman ak lòt vaksen oswa nan nenpòt moman anvan oswa apre.